

Van Tèt Ou sou Papye – Rezime an (Selling Yourself on Paper – The Resume)



Rezime ou se yon eleman enpòtan nan chèche travay. Se kle pou konpanyi a louvri pòt li—k ap ba ou premye kontak fas a fas ak posibilité jwenn travay lan. Donk, kote pou komanse? Kijan pou prezante konesans ou nan yon fason ki vreman montre konpanyi a ke se ou ki bonjan kandida pou travay lan?

Sa yo se kèk nan kesyon pou reponn pandan ou kontinye ap chèche travay. Dekri objektif ou a konesans ou, fèy enfòmasyon sa pral eksplike kèk konsèy pou kreye yon bon rezime.

Objektif Byen Spesifik

Dis a trant segond ... Se tan sa yon konpanyi pral pran poul gade rezime ou an. Kisa ou ka fè pou “tire plis atansyon”? Ke w ap komanse a zewo oubyen mete rezime ou ajou, sonje ke konpanyi a ap gade pou wè si ekspeyans ou korespon ak konesans pou fè travay la. Donk, adapte kalifikasyon w avèk sa ou akompli pou travay w ap aplike an. Mèn kèk konsèy de baz:

→ **Tou pran atansyon moun lan depi nan komansman—**

Si gen yon objektif, fòk deklarasyon an dirèk ak opotinite travay an patikilye. Meye konesans ou ak kalifikasyon ou fèt pou make depi nan komansman paj lan anba sijè rezime konesans ou oubyen premye deskripsyon travay lan. Fè li fasil pou ke anplwaye konpanyi an ka li rezime ou an byen vit pou li jwenn pozisyon travay ou ak non konpanyi yo. Enfòmasyon ki pa byen organize oswa tout kote difisil pou swiv epi moun kap li l pral dekouraje.

→ **Dekri denye ekspeyans travay ou—**Dekri an detay denye twa a senk pozisyon oswa travay ou ki kouvari denye di zan yo. Depi nan komansman an bay sèlman yon rezime istwa travay ou si yo vreman enpòtan pou travay ou ap aplike an sè.

→ **Fòk ou si tout akomplisman ou byen parèt—**Nenpòt moun k ap li rezime ou an fèt pou remake akomplisman ou tou swit lè li jis voye yon kout zye nan istwa travay ou. Li pa nesesè pou enkli enfòmasyon ki pa two enpòtan oswa k ap repeete pou plizye travay. Yon rezime ki gen twop enfòmasyon—enkli ak paragraf ak fras ki long—pran twop tan pou li e li pa di anpil.

→ **Kreye yon rezime ki “atiran”**—Rezime ou an fèt pou li pwop ak praèt pwofesyonèl, ak ase espas ant paragraf yo. Pa boure paj la ak twòp enfòmasyon oubyen eseye enpresyonnen ak karaktè daktilografi ki two bèbèl oswa papye egzotik.

→ **Sèvi ak mo aksyon pou dekri akomplisman ou yo —**Kèk egzamp enkli: analyze, mennen, kreye, egzaminnen, inisyé, jere, opere, pwopoze ak sipèvize.

→ **Reli rezime ou an byen**—Evite fòt otograf, fòt daktilografi ak fòt gramè. Fòk ou si ou gen omwen de (2) moun differan ki korije l avan ou enprime l ak voye l pa lapòs.

Prepare yon Lis Verifikasiyon pou Rezime

Kou ou fini yon bouyon rezime ou, mande tèt ou kesyon swivan yo:

- ✓ Eske rezime m lan san fòt? (fòt daktilo, otograf oswa pa byen sèvi ak mo yo)
- ✓ Eske deklarasyon objektif lan byen sible, mèn pa two fèb?
- ✓ Eske mwén sèvi ak tèm kantite pou soulinyen akomplisman yo pa egzamp, dola pou vant, valè ane ekspeyans, elatriye?
- ✓ Eske li byen dekri akomplisman sou konesans ak responsabilite yo?
- ✓ Eske langaj lan klè epi yo konpran li?
- ✓ Eske se pou mwén pa mete enfòmasyon pèsònèl ki pa gen rapò?
- ✓ Eske li apiye benefis pou yon konpanyi?
- ✓ Eske se pou mwén pa mete enfòmasyon pèsònèl ki pa gen rapò?
- ✓ Eske li apiye benefis pou yon konpanyi?

- ✓ Eske moun lan anvi li l?
- ✓ Eske li enprime sou bonjan papye pwofesyonèl?
- ✓ Eske prezantasyon an envite atansyon?
- ✓ Eske pwen fò yo byen resoti?
- ✓ Eske atik endistri/pwodwi ansyen konpanyi yo klè?
- ✓ Eske fras yo komanse ak mo aksyon?
- ✓ Eske li van konesans ke moun lan ka rezoud

Vreman Devouwe ou

Kreye yon rezime efikas vreman enpòtan nan rechèch travay ou. Se zouti ki pral van ou an ekspeyans ou a yon konpanyi. Donk, fè li mache pou ou! MDCS's Job Search Journal, Resume Guide ak lòt piblikasyon disponib nan MassHire Career Center sa. Gen yon varyete atelye fòmasyon ki disponib tou, pou ba ou plis konsèy pou ekri yon bonjan rezime.

JOHN B. SMITH
12 Main Street, Boston, MA 02114 | 617-555-1212 | jsmith@gmail.com

OBJECTIVE: Manager of Credit and Collections

WORK EXPERIENCE

ABC COMPANY, Boston, MA

Credit Manager

- Managed a credit and collections portfolio of food service, distributor, military and other government-related accounts comprising a regional sales volume of \$150,000, and over 2,000 accounts
- Contributed, organized, and implemented a new set of invoicing procedures with a major school system, resulting in the reduction of total payment time by 45%
- Developed, designed, and implemented vendor and bank credit-inquiry letters

2000 – 2015

LMN INDUSTRIES, INC., Quincy, MA

Credit Manager

- Managed an accounts receivable portfolio of petroleum distributors and home-delivery dealers throughout New England totaling over 500 accounts and an annual sales volume of \$80,000,000
- Brought previous collections turns from 75 days to present average of 38 days, turning sales increase to cash in less than 40 days
- Planned, negotiated, and secured a four-way, cross-corporate guarantee from a well-known, high-volume, Massachusetts-based, petroleum dealer

1991 – 2000

XYZ ASSOCIATES, Norwood, MA

Credit and Collections Supervisor

- Managed an account receivable portfolio of the company's Dietetics, Microwave, and Floatation Divisions, comprising an annual sales volume of \$30,000 in the electronic industry
- Hired, trained, and supervised a staff of six full-time employees and handled 6,000 to 10,000 diversified accounts
- Reduced bad debts by implementing an improved monitoring system and quicker inter-department pursuit

1985 – 1991

EDUCATION

Dun and Bradstreet, Inc., New York, NY
Credit and Financial Analysis Certificate

Northeastern University, Boston, MA
Bachelor of Science in Business Management

PROFESSIONAL AFFILIATIONS
New England Association of Credit Executives, Inc., Arlington, MA

Mèn yon egzanmp pwofòma moun sèvi anpil-**rezime kwonolojik**.

Yon konpanyi opotinite egal/pwogram. Asistans ak sèvis oksilyè disponib a moun ki enfim depi yo mande pou yo. Pou sèvis transmision pou moun ki sou, rele nan 1-800-439-0183 oswa 711.